

Bwouyon - Sijè a apwobasyon Gwoup Travay ESA la (Elèv k ap Aprann Angle)



**PWOSÈ VÈBAL GWROUP TRAVAY KOMITE SKOLÈ BOSTON
POU ADMISYON NAN LEKÒL KONKOU ANTRE YO**

29 jen, 2021

Gwoup Travay Komite Skolè Boston an pou Admisyon nan Lekòl Konkou Antre yo te genyen yon reyinyon 29 jen, 2021, a 5:00 nan laprè midi sou Zoom. Pou w jwenn plis enfòmasyon pou nenpòt nan atik sila yo ki mansyone anba a, tanpri ale sou sit entènèt <https://www.bostonpublicschools.org/esataskforce>, voye yon imel nan adrès imel : feedback@bostonpublicschools.org oubyen rele Biwo Komite Skolè Boston an nan nimewo telefòn (617) 635-9014.

PREZANS

Manm Gwoup Travay pou Admisyon nan Lekòl Konkou Antre yo ki te prezan : Ko-Prezidan Michael Contompasis ; Ko-Prezidan Tanisha Sullivan ; Samuel Acevedo ; Acacia Aguirre ; Simon Chernow ; Matt Cregor ; Tanya Freeman-Wisdom ; Katherine Grassa ; Zena Lum ; Samuel Acevedo ; Rachel Skerritt ; Rosann Tung ; ak Tamara Waite.

Manm Gwoup Travay pou Admisyon nan Lekòl Konkou Antre yo ki te absan : Pèsòn.

Manm pèsònèl Lekòl Piblik Boston ki te prezan : Monica Roberts, Chèf Avansman Elèv, Fanmi, ak Kominote; ak Monica Hogan, Direktris Egzekitif an Chèf Biwo pou Done ak Kontrandi.

DOKIMAN KI TE PREZANTE

[Pwogram Reyinyon an](#)

RAPÈL A LÒD

Mesye Contompasis te raple reyinyon a lòd. Li te anonse ke sèvis entèpretasyon similtane (entèpretasyon ki fèt an menm tan oratè yo ap pale) te disponib nan lang espayòl, kreyòl ayisyen, pòtigè, kreyòl kap vèdyen, somali, vyetnamiyen, chinwa kantonè, chinwa mandaren, arab ak Lang Siy Ameriken (ASL) ; entèprèt yo te entwodui tèt yo e te bay kèk enstriksyon nan lang natif natal yo sou kòman moun kapab chanje chanèl sou Zoom pou yo jwenn aksè nan entèpretasyon similtane.

29 jen, 2021

Madam Parvex te fè apèl non yo. Mesye Chernow, Doktè Freeman-Wisdom, Madam Skerritt, Madam Sullivan, ak Madam Waite te rive aprè apèl non yo te fèt. Tout lòt manm yo te prezan.

DYALÒG

Madam Hogan te rezime konvèsasyon yo te gen nan jou avan an, ki te lendi 28 jen. Manm yo te ede nan fason yo te ajoute kèk enfòmasyon ki te manke.

Madam Sullivan te di ke Ko-Prezidan yo te resevwa anpil kòmantè sou mekanis distribisyon plas 100% plas yo selon pozisyon dirèk andedan klasman zòn resansman yo, etandone ke te gen yon dezi pami kèk moun pou n ta genyen 20% plas nan tout vil la pou n mete apa. Li te fè ouvèti pou dyalòg fèt sou sa.

Mesye Cregor te di ke li pa t panse ke pa t dwe gen yon divizyon ant elèv yo. Sepandan, li te dakò ke separasyon 20% - 80% an kapab montre nan tribinal ke plan an fondamantalman pa t lyen a ni ras, ni okenn lòt idantite.

Mesye Acevedo te di ke menm si li te vote pou distribisyon 100% plas yo, li ta dakò avèk separasyon 20% - 80% an, etandone l te yon desizyon pridan. Mesye Tung te dakò ke separasyon 20% - 80% an te koz yo avanse anvè objektif yo, men ke yo kapab fè mye ke sa.

Madam Sullivan te repete ke sa plas 20% yo reprezante a te klè, e ke li pa t alèz pou l konnen ke sa reyèlman gen pou wè avèk lajan moun rantrè lakay yo, yon katye, ak yon sèten demografik rasyal. Epitou l te di ke si yo t ap pral kite plas 20% nan tout vil la pou sila yo ki te vle kenbe bagay yo jan yo ye a, li kwè ke Gwoup Travay la dwe diminye domaj ke sa ta koze kont elèv ki pi vilnerab yo (ki pi san defans yo).

Madam Skerritt te di ke li te panse ke avèk endikatè to povrete ki wo a ak gwo sè klasman yo, elèv ki pozisyon yo pi wo yo ta pwobableman jwenn aksè kèlkeswa fason an.

Mesye Contompasis te sijere ke si yo dakò avèk 20% - 80% an, yo ta dwe genyen yon endikatè to povrete 10 pwen pou chak elèv ki te ale nan yon lekòl ki gen yon to povrete 50% oswa pi wo. Elèv ki te san lojman, ki te anba swen Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) oswa ki te nan yon lojman Otorite Lojman Piblik Boston (Boston Housing Authority, BHA) dwe jwenn senk pwen anplis.

Manm yo te angaje yo nan yon dyalòg solid konsènan pwopozisyon an.

Mesye Cregor te rezime dosye "*Parents Involved in Community Schools v. Seattle School District No. 1*" nan (« *Paran ki Angaje nan Lekòl Kominotè yo kont Distri Skolè Nimewo 1 Vil Seattle* ») epi l te esplike siyifikasyon legal desizyon tribinal sa a ta genyen pou travay Gwoup Travay la ap fè a. Li te di ke li te panse ke menm avèk deziyasyon 100% plas yo, plan an te kanpe nan yon bon pozisyon legal, etandone ke plan an pa t lyen a ni ras, ni yon katye presi. Li te ajoute ke yo te arive dakò antanke gwoup, ki se yon bagay ki genyen anpil valè.

29 jen, 2021

Madam Sullivan te di ke te gen moun ki pa t vle Gwoup Travay la reyisi, e antanke yon pitit fi e benefisyè mouvman dwa sivil la, li te konnen ke sityasyon sa a se pa t yon bagay nouvo, e ke yo p ap dekouraje. Li te fè sa klè ke 20% konvèsasyon an te politik e ke li te trè klè konsènan kilès sa ap benefisye. Li te di ke li kapab rive nan 20% an men pa san okenn faktè pou diminye domaj yo, ki ta kab ajtoute 15 pwen sila yo ke Mesye Contompasis te sijere yo. Li te repete ide pou n ta genyen yon deziyasyon plas 20% - 80% avèk yon endikatè 15 pwen anplis pou elèv ki san lojman, ki anba swen DCF, oswa ki abite nan lojman BHA, kòm sa t ap bay elèv ki pi vilnerab yo (ki pi san defans yo) yon chans pou jwenn aksè nan 20% an.

Mesye Contompasis te di manm yo ke ta ka genyen yon enpak negatif sou distri a si yo pa ta enkli deziyasyon plas 20% an nan tout vil la. Li te ajoute ke Ko-Prezidan yo te reyalize ke sa te yon desizyon pou byen kolektif la. Epitou l te di ke ajoute pwen pou elèv ki pi san defans nan popilasyon Lekòl Piblik Boston an (BPS) ta ba yo yon opòtinite pou yo omwen atenn pòsyon 20% an.

Madam Lum te di ke si konsekans politik desizyon regleman an te depann plis sou Komite Skolè a pase Gwoup Travay la, yo dwe kite Komite Skolè a deside, pa Gwoup Travay la.

Mesye Cregor te di ke Gwoup Travay la ta pral prezante yon pwopozisyon bay Komite Skolè a pou montre ke yo te tandè e enkòpore kòmantè ke yo te resevwa nan divès sesyon chita tandè elèv yo ak sesyon kominotè yo ak kòmantè Gran Piblik la. Pwopozisyon sa a ta montre travay ak refleksyon manm Gwoup Travay la te fè. Li te di ke l te kapab apiye nouvo modèl ki te pwopoze a e ke li panse ke sa Gwoup Travay la te fè a te konplè, e li te rekonèt ke l te fèt avèk yon vizyon lidèchip òganizasyon NAACP a sou divès kesyon ki anrapò avèk founisman ekite edikasyonèl pou tout jèn moun nan Boston.

Madam Lum te deklare pou anrejistremman dosye nou yo, ke li te vle fè si ke yo pa rate opòtinite pou yo ale pi lwen nan strikti sistematik yo ke yo t ap eseye rezoud.

Mesye Chernow te eksprime konfizyon l sou kòman sistèm nan fonksyone, kòm li te panse ke se manm Gwoup Travay la ki te pran desizyon an, e li te mande ki kote reyaksyon anonim yo te soti pandan 24 èdtan ki sot pase yo.

Doktè Freeman-Wisdom te di ke li te santi l malalèz pou l konnen ke genyen divès pouvwa ekstèn k ap pran desizyon yo pou yo. Epitou l te eksprime fristrasyon l avèk rezilta nòt egzamen elèv Lekòl Piblik Boston yo.

Madam Skerritt te pwopoze pale sou ane skolè 2022-2023 a, e li te pwopoze menm modèl la pou 2023-2024, mwens evalyasyon an. Tout manm yo te dakò avèk pwopozisyon an.

Doktè Tung te pwopoze sijesyon adisyonèl suivan yo pou rekòmandasyon an : pou founi tout enfòmasyon sou nouvo regleman yo pou admisyon nan tout lang natif natal, ni sou entènèt ni alekri ; pou siveye kandida yo, envite yo, enskri yo chak ane, separe yo selon gwoup ak lekòl

REYINYON ALEKA GWROUP TRAVAY POU ADMISYON NAN LEKÒL KONKOU ANTRE YO
Sou Zoom

29 jen, 2021

kote elèv yo soti ; epitou sondaj sou klima lekòl yo ak sondaj sante mantal pou elèv yo. Epitou l te di ke l ta renmen wè rechèch ki konpare divès kowòt, depi nan ane 2020 e aprè.

Mesye Cregor te sijere nou itilize mwayèn enskripsyon elèv yo pandan senk an, dekwa pou paran, elèv, ak lòt moun kapab konnen sa yo dwe atann konsènan kòman moun konsidere lekòl yo.

Mesye Contompasis te ajoute yon revizyon twa a senk an. Madam Nagasawa te sijere enkli plis elèv nan yon fiti Gwoup Travay la, elèv ki pa elèv ki fè pati lekòl konkou antre yo an patikilye.

Madam Sullivan te di ke sijesyon sa yo ajoute sou sipò pou elèv sila yo ki jwenn admisyon pandan ete a, ansanm ak envestisman nan gramè ak literati angle (ELA) ak matematik nan nivo klas elemantè pou pran swen preparasyon ak aksè nan etid ki gen rigè pou elèv BPS yo.

Madam Skerritt te ajoute ke BPS dwe konsidere efè ajisteman nan regleman notasyon yo ak enpak yo fè. Madam Grassa te sijere pou n genyen pwofesè lekòl elemantè ak pwofesè lekòl segondè nan yon fiti Gwoup Travay.

Madam Contompasis te ankouraje manm yo yon lòt fwa ankò pou yo rive nan yon konsansis (pou yo dakò) pou plas 20% yo nan tout vil la.

Madam Aguirre te rekonèt kantite travay yo fè, e li te ekspriime chagren l poutèt ke aprè yo te fin rive nan yon konsansis, yo te oblije retounen sou desizyon yo, men ke li te fè Ko-Prezidan yo konfyans nan rekòmandasyon yo.

Manm yo te fè yon pase sou rekòmandasyon yo e yo te pale sou sistèm notasyon an.

Madam Aguirre te poze kesyon sou elèv sila yo ki te deplase sot nan yon lekòl ki gen yon to povrete ki wo pou yo ale nan yon lekòl ki gen yon to povrete ki ba. Manm yo te deside ke yo va detèmine lekòl la sou baz kilès lekòl ki te soumèt kanè nòt pou elèv la, swa nan klas 5yèm oswa 6yèm ane.

Madam Sullivan te mande si Ko-Prezidan yo kapab prezante yon rekòmandasyon nan non Gwoup Travay la, k ap 70% - 30 % sou mekanis la, 20% - 80% pozisyon dirèk distribisyon plas yo, avèk 10 pwen pou elèv ki al nan lekòl ki gen yon to povrete ki wo, oswa 15 pwen pou elèv ki anba swen DCF, elèv ki san lojman, ak elèv ki nan lojman BHA.

Mesye Crego te dakò. Doktè Tung te pwoteste, li te di ke li menm, antanke defansè e aktivis, li pa t kapab pliyè anba presyon politik. Doktè Freeman-Wisdom, Mesye Chernow, ak Madam Nagasawa te pwoteste tou.

Madam Aguire te di ke li panche sou bò pwotès, men li te ezite akòz konsekans politik yo. Epitou l t ap mande ki sa konsekans yo ta ye si yo ta rekòmande 100% an.

REYINYON ALEKA GWROUP TRAVAY POU ADMISYON NAN LEKÒL KONKOU ANTRE YO
Sou Zoom

29 jen, 2021

Madam Sullivan te esplike pwosesis rekòmandasyon an ak pwosesis pou Komite Skolè a apwouve yon regleman.

Madam Lum te mande pou ki sa yo retire 100% an sou tapi a, epi Mesye Contompasis te di ke toude Ko-Prezidan yo te fè tout efò posib pou yo esplike difikilte ki genyen nan pwopozisyon an.

Manm yo te pale sou posibilite pou yo bay Komite Skolè a de (2) rekòmandasyon. Mesye Tung te raple manm yo ke si Komite Skolè a te resevwa de (2) rekòmandasyon yo epi yo pa t pran yon desizyon, regleman an ap otomatikman retounen nan regleman ki te an plas avan pandemi a.

Madam Aguirre te di ke sa nui l lefètke 20% - 80% te pwopoze nan Gwoup Travay la aprè yo te fin rive nan yon konsansis, aprè yo te fin pase plizyè èdtan nan divès reyinyon piblik.

Madam Sullivan te di ke yo te gen pou yo te pran meyè desizyon an pou yo reponn a responsabilite a, epi l te di ke kit li te 100%, kit li te 20% - 80% an, yo t ap fè distri a vanse devan, yo t ap kreye plis opòtinite pou plis timoun Boston, epi yo t ap ede ranfòse lekòl yo, e pakonsekan, li te panse ke yo t ap reponn a responsabilite yo.

Madam Grassa te di ke li pa t alèz avèk pwopozisyon sa a, men li te di ke l t ap panse de timoun yo avantou, e si ke rekòmandasyon an pa t pase e li te retounen nan regleman sila yo ki te la avan pandemi COVID la, sa ta genyen konsekans negatif pou timoun yo. Se pou rezon sa yo, li te an favè rekòmandasyon ki te pwopoze a. Plizyè manm te dakò avèk Madam Grassa.

Mesye Contompasis te remèsye tout manm yo, e l te ekspriye apresyasyon pwofon li pou kòmantè yo. Li te rekonèt fristrasyon yo men li te mande yo met konfyans yo nan sa ke Ko-Prezidan yo t ap eseye akonpli.

Mesye Cregor te di ke vil la t ap mande manm yo delibere (reflechi/fè deba) piblikman sou Zoom, konfòm a « Lwa Reyinyon Ouvè yo » (« Open Meeting Laws ») pou plizyè èdtan ala fwa jis pou fonksyonè eli lokal yo kapab bay dizon pa yo, e ke yo te dwe wont poutèt y ap jwe politik Boston malgre yo pa kraze okenn lwa, pandan y ap mete tout responsabilite yo sou do Gwoup Travay la. Li te di ke sa pa t bezwen antre nan anrejistreman ekri a, ke ou pa kapab mande moun pou yo sakrifye travay yo ak tan fanmi yo, pou yo sibi tout kalite kritik, epi pou yo santi yo alèz ak sa.

Madam Lum te mande ki sa konsekans yo ta ye si yo ta rekòmande distribisyon 100% plas yo. Mesye Contompasis te reponn ke konsekans yo se yon bagay ke yo pa ta swete wè. Li te mande sila yo ki te pwoteste yo si yo te chanje lide.

Madam Sullivan te di manm yo pou yo ede yo akonpli travay yo te mete devan yo, e ke l pa t ap mande manm yo pou yo dakò avèk rekòmandasyon regleman an, men pou yo pèmèt Ko-Prezidan yo prezante li bay Komite Skolè a nan non Gwoup Travay la.

29 jen, 2021

Madam Aguirre te di ke rekòmandasyon an te bon, men ke l te kapab miyò. Li te vle anrejistre nan dosye a ke manm yo pa t alèz avèk presyon politik dènye minit ke yo te mete sou Gwoup Travay la.

Mesye Acevedo te di ke nan sityasyon sa a, yo t ap afwonte a yon jwèt ki pa gen ni gayan ni pèdan, ant pa avanse travay Gwoup Travay la ak reponn a responsabilite yo enpafètman. Li te prefere bay pèmisyon pou n fè sa ki bon pou timoun yo.

Doktè Tung te di ke etandone li nan minorite a, li pa t kapab gen pouvwa ase pou l kanpe konte rekòmandasyon yo pral prezante a, e li te mande pou posibilite pou l pataje opinyon divèjan li (dezakò li) nan reyinyon Komite Skolè a. Mesye Contompasis te di ke yo va transmèt mesaj la bay Sipèentandan an.

Mesye Chernow te pwoteste tou e li te di ke li santi ke konsansis la pa t enpòtan ankò, kòm opinyon sila yo ki pa fè pati Gwoup Travay la te arive gen plis pouvwa ke opinyon gwoup la, epi kounye a se yo menm k ap mennen desizyon yo. Epitou l te di ke li pa t gen pwoblèm pou l fè pati opinyon minorite divèjan an (ki an dezakò a).

Madam Nagasawa te di ke li respekte ke se regleman pwopoze a ki t ap pral rekòmandasyon an e li te panse ke sa t ap yon pa an avan, men pou anrejistreman dosye nou, li te vle rete an opozisyon e li te konprann ke dezakò li te yon ak senbolik.

Doktè Freeman-Wisdom te di ke opinyon li pa t chanje.

Madam Sullivan te konkli ke yo pral prezante rekòmandasyon an epitou asire ke genyen yon opòtinite pou yon deklarasyon fèt ki esplike pwotès yo aklè. Epitou li te di ke li te enpòtan pou n montre aklè ke rekòmandasyon an te depase chay responsabilite a, e ke l ta ede distri a ak vil la vance devan anvè plis enklizyon ak opòtinite.

Mesye Contompasis te dakò, e l te di ke yo te akonpli travay yo. Li te remèsye tout moun deske yo te fè pati pwosesis la, deske yo te bay tan yo, e te gen ase kouraj pou yo sijere yon bagay ki te bezwen amelyorasyon. Li te ankouraje manm yo rete vijilan pou yo wè aske travay la ak rekòmandasyon yo soutni e amelyore, pou yo kapab fè sa ki dwat.

KÒMANTÈ GRAN PIBLIK LA

- Mimi Lai, yon abitan Roslindale, yon paran lekòl Henry Grew Elementary School, te temwaye an favè pwen anplis pou lekòl ki gen to povrete ki wo ak elèv ki abite nan lojman BHA, Modèl Seksyon Resansman Chicago a, e pou n pa gen lotri.
- Cindy Tower-Loewen, yon abitan Marblehead, Ekip Jistis Rasyal (Racial Justice Team), Konsèy Konsiltatif Paran Edikasyon Espesyal Marblehead (Marblehead Special Education Parents Advisory Council), manm NAACP nan Branch Boston an, te remèsye manm Gwoup Travay la pou travay yo.

29 jen, 2021

KÒMANTÈ FINAL

Ko-Prezidan yo te remèsye manm yo ak piblik la. Madam Sullivan te mande manm yo si yo te gen okenn dènye mo pou yo di avan fen reyinyon an. Madam Lum te di ke li te vle anrejistre nan dosye istwa a ke manm yo te rive nan yon konsansis (te rive dakò) e ke yo te retire konsansis la nan men yo.

Doktè Tung te pran opòtinite sa a pou l te pataje kèk nan strikti li te travay sou yo, kòm li te santi ke l te bezwen pou moun konprann pozisyon li. Li te eksprime ke yo te bezwen ekite ak solisyon jistis, e ke solisyon ekite yo abòde kesyon aksè ak opòtinite, pandanke solisyon jistis yo abòde rasin koz inekite a. Se pou rezon sa a li t ap apiye nenpòt rekòmandasyon ki enkli swa pou yo pa gen okenn egzamen ni lotri, osinon toude, kòm tout lòt opsyon yo te amelyore ekite, men te mentni koz prensipal enjistis.

Mesye Chernow te di ke se te yon onè pou l te kapab fè pati Gwoup Travay la. Li te di ke pou rezon transparans, li te vle fè sa klè ke yo pa t gen yon konsansis (akò) konplè jou avan an, kòm li pa t sanpousan dakò avèk plan an. Li te di ke li te gen pwoblèm avèk egzamen yo ak fason yo fonksyone nan nivo opresyon sistematik ak rasis nan peyi a ki ale pi lwen ke sistèm skolè a sèlman, kidonk li pa t kapab apiye okenn nan rekòmandasyon yo avèk yon konsyans ki klè. Pou l fini, li te di ke li apresye dyalòg la ak eksperyans li te fè kote ke l te aprann kichòy.

Mesye Contompasis swete elèv yo meyè ve li.

Mesye Cregor te remèsye Ko-Prezidan yo, manm yo, entèprèt yo ak manm pèsònèl yo. Madam Sullivan te remèsye manm patenarya yo, lidèchip la ak devouman yo pou timoun yo ak vil la. Epitou l te remèsye entèprèt yo, Madam Parvex, Madam Hogan, Madam Roberts, ak Ajans Planifikasyon ak Devlopman Boston an (Boston Planning & Development Agency, BPDA) pou sipò yo.

Pou konkli, li te di ke li kwè ke yo te fè bon travay e ke li gen espwa ke sa ap sèvi kòm yon boustè pou plis travay ki bezwen fèt nan BPS.

REYINAN AN LAGE

Vè zòn 8:33 diswa, tout Komite a te dakò vote pou lage reyinyon an, selon pwosesis apèl non an.

Ateste :



Lena Parvex
Asistan Administratif